

16 JOU MILITANS KONT VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS

MANYÈL 2022

**KWAPE VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS
NAN CHAK MINISIPALITE**

16 JOU 
MILITANS KONT VYOLANS
KI BAZE SOU SÈKS

LIS SIJÈ YO

| | |
|---|----|
| Kisa Kanpay 16 Jou Militans Kont Vyolans Ki Baze Sou Sèks la ye? | 3 |
| Kwape Vyolans ki Baze sou Sèks nan Chak Minisipalite | 3 |
| Enfòm Ou | 4 |
| Kisa Vyolans ki Baze sou Sèks (Gender-Based Violence, GBV) ye? | 4 |
| Ak kisa GBV a sanble? | 4 |
| Èske GBV a toujou gen vyolans fizik ladan l? | 4 |
| Kiyès ki gen plis risk pou sibi GBV nan NYC, epi poukisa? | 5 |
| Ki kote GBV a fèt? | 5 |
| Estatistik: Vyolans ki Baze sou Sèks nan NYC | 6 |
| Patisipe | 7 |
| Bay Mesaj la | 7 |
| Patisipe nan yon Evènman oswa Òganize yon Evènman | 8 |
| Ranfòse Kapasite | 8 |
| 10 Fason Ou Kapab Ede Kwape Vyolans ki Baze sou Sèks | 8 |
| Sipòte, Koute, epi Kwè Sivivan yo | 9 |
| Resous yo | 10 |
| NYC HOPE | 10 |
| Sant Jistis pou Fanmi NYC | 11 |

KISA KANPAY 16 JOU MILITANS KONT VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS LA YE?

16 Jou Militans Kont Vyolans Ki Baze Sou Sèks la (Gender-Based Violence, GBV) se yon kanpay anyèl ki dewoule soti 25 novanm, ki se Jounen Entènasyonal pou Eliminasyon Vyolans kont Fanm, rive 10 desanm, ki se Jounen Entènasyonal Dwa Moun. Depi lè li fonde nan lane 1991, kanpay la vin tounen yon mouvman entènasyonal pou prevni ak elimine GBV a.

Biwo Majistra a pou Kwape Vyolans Domestik ak Vyolans ki Baze sou Sèks (End Domestic and Gender-Based Violence, ENDGBV), Komisyon sou Egalite Sèks (Commission on Gender Equity, CGE), ak Biwo Majistra a pou Egalite (Mayor's Office of Equity, MOE) mete ansanm pou yo dirije kanpay Vil New York la, nan tèt kole avèk òganizasyon patnè nou yo ak ajans vil yo. Kanpay la entèseksyonèl, sa ki vle di li rekonèt fason plizyè fòm diskriminasyon kwaze youn ak lòt, epi li mande pou kwape GBV ki fèt kont tout moun, kèlkeswa laj yo, orijin etnik/ras yo; relijyon yo, idantite oswa ekspresyon seksyèl yo, sitiyasyon imigrasyon yo, kapasite fizik ak mantal yo, oryantasyon seksyèl yo, ak sitiyasyon sosyo-ekonomik yo, pami lòt kategori ki pwoteje yo.

KWAPE VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS NAN CHAK MINISIPALITE

Tèm kanpay 2022 a ki se “Kwape Vyolans ki Baze sou Sèks nan Chak Minisipalite”, vize reflekte nesite ki genyen pou tout moun New York aji kont GBV nan kominote yo a.



ENFÒME OU

KISA VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS (GBV) YE?

GBV a se abi emosyonèl, fizik, vèbal, ekonomik, ak/oswa estriktirèl ki anrasinen nan eksplwatasyon relasyon pouvwa miwo miba ant sèks yo.

AK KISA GBV A SANBLE?

GBV a pran plizyè fòm, tankou men gen toujou:

- Vyolans domestik, vyolans konjigal, vyolans nan randevou anmoure adolesan ak vyolans familyal
- Abi moun aje
- Blesi nan pati jenital fanm
- Trafik moun, sètadi, trafik seksyèl ak trafik mendèv
- Vyolans enstitisyonèl ak estriktirèl, tankou restriksyon nan zafè avòtman oswa esterilizasyon fòse
- Tizonnay sou entènèt
- Vyolans seksyèl, tizonnay ak agresyon seksyèl
- Talonnay
- Tizonnay nan lari

ÈSKE GBV A TOUJOU GEN VYOLANS FIZIK LADAN L?

Non, GBV a kapab gen ladan l youn oswa plizyè fòm vyolans, tankou:

- Ekonomik
- Emosyonèl oswa Sikolojik
- Enstitisyonèl oswa Estriktirèl
- Fizik
- Seksyèl
- Vèbal

KIYÈS KI GEN PLIS RISK POU SIBI GBV NAN NYC, EPI POUKISA?

Nenpòt moun, kèlkeswa ran li, kapab sibi GBV, byenke se tifi, fanm, ak moun transjan, moun ki pa idantifye ni ak fi ni ak gason ak moun ki gen plis pase de (2) sèks (transgender, gender non-conforming and non-binary, TGNCNB) ki plis touche.

Anba a genyen kèk egzanp moun ki pi ekspoze ak GBV akoz sistèm opresyon yo ki kwaze youn ak lòt ki gen ladan yo diskriminasyon kont moun ki gen andikap, diskriminasyon kont moun aje, omofobi, rasis, seksis, ak zenofobi:

- Kominote lezbyèn, masisi, biseksyèl, moun ki chanje sèks oswa moun ki pa idantifye ak yon sèks (lesbian, gay, bisexual, and queer, LGBTQ)
- Kominote imigran
- Kominote endijèn
- Moun ki gen andikap
- Moun ki pa blan
- Jèn moun ak moun aje

KI KOTE GBV A FÈT?

Nenpòt kote, men espas ak kominote sa yo sitou ekspoze:

- Kominote opresyon sistèmik la plis touche yo, ki gen ladan l sila yo k ap sibi anba:
 - Povrete
 - Mank opòtinite travay
 - Mank sipò enstitisyonèl nan men sistèm lajistis la
 - Tolerans jeneral vyolans seksyèl anndan kominote a
- Espas nimerik ak espas anliy yo
- Milye edikatif, tankou lekòl ak kanpis kolèj yo
- Kay yo
- Espas ki ouvè lannuit yo tankou ba, klèb, elatriye
- Sant/estasyon transpò piblik
- Espas travay

ESTATISTIK: VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS NAN NYC

Nan lane 2020-2021, fanm nan NYC yo te gen

3 fwa

plis chans pase gason yo pou yo viktim atak yon patnè entim yo te siyale bay Depatman Polis New York (New York City Police Department, NYPD).¹

2021


se ane kote te gen plis moun TGNCNB ki mouri Ozetazini.²

Soti 2020 pou rive 2021, ka prejije yo siyale ki te sible gason LGBTQ+ yo nan NYC te ogmante

↑ 154%³

Selon yon sondaj ane 2018


75% FANM



AK
47% GASON

di yo te sibi tizonnay oswa vòl pandan yo nan transpò piblik nan NYC.⁴

Selon yon sondaj ane 2017



70% MOUN
NEW YORK KI
TGNCNB

di yo te refize ba yo menm tretman oswa sèvis ak lòt moun oswa yo te sibi tizonnay vèbal oswa fizik an piblik.⁵

Soti 2010 pou rive 2021,



Fanm Nwa ak fanm Ispanik yo te reprezante 57% MOUN KI MOURI



akoz patnè entim yo nan NYC, alòske yo reprezante **28% NAN POPILASYON GLOBAL LA.**⁶

- <https://www1.nyc.gov/assets/ocdv/downloads/pdf/Community-District-FA-IPV-Final-Report-Website.pdf>
- <https://www.hrc.org/resources/fatal-violence-against-the-transgender-and-gender-non-conforming-community-in-2021>
- <https://www1.nyc.gov/site/nypd/stats/reports-analysis/hate-crimes.page>
- https://wagner.nyu.edu/files/faculty/publications/Pink%20Tax%20Survey%20Results_finaldraft4.pdf
- <https://comptroller.nyc.gov/reports/results-of-a-survey-of-lgbtq-new-yorkers/>
- <https://www1.nyc.gov/assets/ocdv/downloads/pdf/2022-Annual-FRC-Report.pdf>

PATISIPE

BAY MESAJ LA

Kore Kanpay la sou rezo sosyal yo lè w itilize achtig **#NYCAgainstGBV** (NYC kont GVB) ak **#OrangeTheWorld** (Mond Lan An Jòn Abriko), oswa grafik anba yo pou w fè piblikasyon sou GBV. Bay kout men nan sansibilizasyon an lè w mete koulè jòn abriko, ki se koulè ofisyèl kanpay la sou ou, jou k ap 28 novanm lan epi pibliye foto w yo sou rezo sosyal yo avèk achtig yo. Epitou, siveye bilding ak moniman NYC yo k ap limen an jòn abriko jou k ap 28 novanm lan tou!

Egzanp grafik pou medya sosyal yo



PATISPE NAN YON EVÈNMAN OSWA ÒGANIZE YON EVÈNMAN

Nou envite tout moun New York ak òganizasyon Vil New York yo òganize yon evènman fas-a-fas oswa vityèl nan kad kanpay 16 Jou Militans Kont Vyolans Ki Baze Sou Sèks la. Ajoute evènman gratis, piblik ou an nan Kalandriye Kanpay la nan tout vil la lè w ranpli Fòm Soumisyon Evènman an sou sitwèb nou an ki se (www.nyc.gov/16Days)

Al gade Kalandriye Kanpay la sou sitwèb nou an ki se (www.nyc.gov/16Days) pou w jwenn yon lis evènman k ap fèt nan tout vil la.

RANFÒSE KAPASITE

Mande Ekip Fòmasyon ENDGBV a pou l òganize yon fòmasyon sou GBV ak pwen kwazman li yo nan espas travay ou a oswa antre an kontak avèk ekip Sansibilizasyon ENDGBV a pou w planifye yon atelye oswa evènman kominotè pou sansibilize moun sou GBV ak enpak li fè yo. Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w [mande yon fòmasyon](http://www.nyc.gov/site/ocdv/programs/training-institute.page) (www.nyc.gov/site/ocdv/programs/training-institute.page) oswa [antre an kontak avèk ekip Sansibilizasyon an](https://www1.nyc.gov/site/ocdv/programs/outreach.page) (<https://www1.nyc.gov/site/ocdv/programs/outreach.page>).

10 FASON OU KAPAB EDE KWAPÈ VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS

- 1 Sipòte, koute, epi kwè sivivan yo
- 2 Sansibilize epi angaje pwochen jenerasyon an sou GBV, epi aprann nan men li
- 3 Egzije sèvis repons fas ak GBV ki reponn ak bezwen kominote w la
- 4 Konprann zafè konsantman an, epi asire li prezan nan tout aktivite entim
- 5 Aprann siy GBV yo ak fason ou kapab ede
- 6 Kòmanse yon konvèsasyon sou GBV nan kominote w la
- 7 Genyen resous ak enfòmasyon ki pale sou fason pou jwenn èd disponib.
- 8 Ranfòse ak kore òganizasyon k ap prevni ak jere koze GBV a
- 9 Mete responsablite a sou do w ak do lòt moun
- 10 Fòme tèt ou avèk done sou GBV a epi mande plis done

*Se yon adaptasyon [UN Women](https://www.unwomen.org/news/stories/2020/11/compilation-take-action-to-help-end-violence-against-women) (<https://www.unwomen.org/news/stories/2020/11/compilation-take-action-to-help-end-violence-against-women>)

SIPÒTE, KOUTE, EPI KWÈ SIVIVAN YO

Kijan ou kapab sipòte viktim ak sivivan GBV yo nan lavi w?

- **Rele 911 si ou menm oswa lòt moun an danje imedyà.** Sonje apèl sa a ap fè lapolis fè entèvansyon.
- **Kwè moun k ap pale avèk ou a.** Koute l san w pa jije l ni ba li konsèy:
 - Pa bay moun lan presyon pou l pran desizyon.
 - Pa fikse kondisyon pou bay sipò w.
 - Pa rabese moun ki fè mal la. Sa ka fè moun yo fè mal la pa twò anvi pale avèk ou ankò.
- **Itilize langaj ak deklarasyon ki bay ankourajman tankou:**
 - "Se pa fòt ou; ou pa t merite sa".
 - "Kisa mwen kapab fè pou mwen sipòte w jodi a?"
 - "Mwen pè pou sekirite w, kisa w panse ki ta ka fè w santi w an sekirite?"
- **Kontwòle prejije ou:**
 - Itilize yon langaj net, tankou, 'yo' nan plas 'li'; oswa 'patnè' nan plas 'mennaj'.
 - Fè atansyon ak ekspresyon figi w ansanm ak langaj kò w.
 - Evite blame oswa defann relijyon oswa kilti moun lan.
- **Evite deklarasyon ki blame viktim lan, tankou:**
 - "Poukisa ou kite li trete w konsa?"
 - "Kisa w te fè ki te lakoz sa?"
 - "Poukisa w pa t ale, oswa poukisa ou pa t mande sekou pi bonè?"
- **Ankouraje li pale ak moun ki kapab ede li lè li pare:**
 - Respekte vi prive li ak pwoblèm pèsònèl li yo pou sekirite li.
 - Respekte dwa li genyen pou l fè pwòp chwa pa li, menm si w pa dakò.
 - Pran pasyans epi kontinye ofri li sipò si li chwazi rete nan yon sityasyon kote ka gen vyolans ankò.
- **Pataje enfòmasyon ki soti nan sous ki fyab avèk moun yo ap abize a, si li bezwen yo.** Pale li de [NYC Hope](http://www.nyc.gov/nyc-hope), ki se repètwa resous anliy NYC kote li kapab jwenn Sant Jistis pou Fanmi yo ak lòt resous nan katye pou li jwenn enfòmasyon ak sèvis ki gratis ak konfidansyèl sou sitwèb la ki se, www.nyc.gov/nyc-hope, epi nan nimewo telefòn 800-621-4673.

RESOUS YO

NYC HOPE:

[NYC HOPE](http://www.nyc.gov/nychope) (www.nyc.gov/nychope) se yon repètwa resous anliy ki genyen ladan l enfòmasyon sou òganizasyon kominotè ki travay avèk sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks yo nan toule senk (5) minisipalite yo.

Ou kapab chèche nan repètwa a selon:

- Minisipalite
- Sèvis ki disponib yo, gen ladan yo men gen toujou, èd pou abri, konsèy, sèvis jiridik, èd finansye annijans
- Òganizasyon ki espesyalize nan sèvi popilasyon espesifik yo, tankou men gen toujou, moun LGBTQ+ yo, sivivan trafik moun yo, adolesan yo, imigran yo
- Lang yo ofri yo se Panyòl, Chinwa (Mandaren, Kantonè ak Taywanè), Ris, Bengali, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Arab, Oudou, Fransè, Polonè, men gen toujou
- Fas-a-fas, anliy, oswa kote ki aksesib pou chèz woulant yo

Jwenn NYC HOPE sou entènèt:

www.nyc.gov/nychope

Rele Liy Asistans 24 sou 24, 7 sou 7 NYC a:

800-621-4673

pou planifikasyon sekirite imedya, èd pou abri, ak lòt resous yo.

SANT JISTIS POU FANMI VIL NEW YORK

[Sant Jistis pou Fanmi NYC](http://www1.nyc.gov/ocdv/programs/family-justice-centers.page) (Family Justice Centers, FJCs) (www1.nyc.gov/ocdv/programs/family-justice-centers.page) bay sèvis ki gratis ak konfidansyèl nan telefòn epi fas-a-fas pou viktim ak sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks yo. Yo aksepte tout moun alawonnbadè kèlkeswa lang yo pale, revni yo, idantite seksyèl yo, oswa sityasyon imigrasyon yo.

Pou sèvis fas-a-fas yo, ou kapab rele FJC (Lendi rive Vandredi, soti 9è AM rive 5è PM) pou w pran yon randevou oswa pou w vini nan FJC ki pi pre w la san randevou si w pa kapab patisipe nan sèvis a distans yo san pwoblèm.

Pou sèvis a distans yo, ou kapab rele 311 oswa nimewo telefòn ki anba a pou w antre an kontak ak FJC ki pi pre w la. Si yo mande w epi pa gen pwoblèm pou fè sa, tanpri kite yon mesaj epi yon moun ap reponn ou.

BRONX

NYC FAMILY JUSTICE CENTER
198 EAST 161ST STREET, 2ND FL.
(718) 508-1220

QUEENS

NYC FAMILY JUSTICE CENTER
126-02 82ND AVENUE
(718) 575-4545

BROOKLYN

NYC FAMILY JUSTICE CENTER
350 JAY STREET, 15TH FL.
(718) 250-5113

STATEN ISLAND:

NYC FAMILY JUSTICE CENTER
126 STUYVESANT PLACE
(718) 697-4300

MANHATTAN

NYC FAMILY JUSTICE CENTER
80 CENTRE STREET, 5TH FL.
(212) 602-2800

16 JOU

MILITANS KONT VYOLANS
KI BAZE SOU SÈKS

WWW.NYC.GOV/16DAYS

NYC

Biwo Majistra a pou Kwape
Vyolans Domestik ak
Vyolans ki Baze sou Sèks



@NYCENDGBV

NYC

Komisyon sou
Egalite Sèks



@GENDEREQUITYNYC



@NYCGENDEREQUITY


BIWO MAJISTRA A POU
EGALITE
NYC



@EQUITYNYCGOV